

# Learn.Run.Vote

## 2023 Education Council Elections

### PRENSIP KANPAY YO

#### Sa w ka fè (Do's)

**Do** kreye lis distribisyon, konsa w ka voye fasil materyèl kanpay bay gwoup elektè potansyèl pa imèl, medya sosyal ak pa lapòs.

**Do** kreye yon adrès imèl espesyal k ap idantifye fasil komunikasyon kanpay ou yo (paegzanp, JohnDoe4CECXX@gmail.com).

**Do** Itilize kont medya sosyal pèsonèl ou, blòg oswa sitwèb pou fè pwomosyon pou kandidati w.

**Do** ekri atik, editorial, oswa afich blog, k ap ede fè pwomosyon pou opinyon ak konesans konsènan pwoblèm edikasyon.

**Do** otorize zanmi avèk fanmi pou fè volontè pou ede w fè pwomosyon pou kanpay ou.

**Do** òganize ak patisipe nan rankont ak aktivite vityèl pou pèmèt ou fè pwomosyon pou ide w ak bay elektè potansyèl ou yo opòtinite pou poze kesyon.

**Do** distribye afich ak lòt materyèl nan katye w, nan reyinyon kominotè, tou pre lekòl yo, (pa sou pwopriyete DOE), nan pak oswa lòt zòn publik kote w ka jwenn elektè potansyèl.

**Do** fè pwomosyon pou kandidati w nan fowòm publik oswa prive ki pa gen rapò avèk DOE, tankou reyinyon administrasyon kominotè, reyinyon asanble kominotè, ak lòt aktivite.

**Do** pote ak montre materyèl kanpay nan aktivite kanpay DOE ap òganize, tankou Fowòm Kandida yo.

**Do** kenbe yon dosye depans (tankou resi oswa bòdwo) lajan ou depanse nan kanpay ou.



## Sa w pa ka fè (Don'ts)

Regleman sa yo anjeneral reflete pwovizyon ki nan Regleman Chanselye D-130 (Chancellor's Regulation, CR) k ap gouvène itilizasyon biling ak resous kandida yo pou yon fonksyon.

**Don't** pa itilize enfòmasyon pou kontakte oswa lis distribisyon ou jwenn nan men yon manm estaf DOE oswa atravè yon wòl lidèchip paran kounye a oswa avan anndan DOE.

**Don't** pa afiche enfòmasyon oswa lòt materyèl ki montre w se yon kandida, oswa fè kanpay nan espas vityèl DOE sipòte (paegzanp, PA/PTA, Konsèy Prezidan, SLT, Tit I PAC, DPAC, CPAC ak nan reyinyon CCEC) eksepte pou Fowòm Kandida DOE ap fè, tankou reyinyon òganizasyon paran kote yo envite tout kandida yo.

**Don't** pa itilize lekòl oswa ekipman DOE oswa resous pou fè oswa distribye materyèl kanpay.

**Don't** pa piblye oswa distribye materyèl kanpay nan yon lekòl oswa sou pwopriyete DOE, tankou voye materyèl pa lapòs bay PA/PTA oswa nenpòt lòt moun.

**Don't** pa voye materyèl kanpay nan adrès imèl ofisyèl DOE òganizasyon paran.

**Don't** pa bibliye, oswa mande moun pou poste materyèl kanpay sou kont medya sosyal oswa sou sit wèb nenpòt òganizasyon paran DOE patwone (tankou PA/PTA, Konsèy Prezidan, SLT, Tit I PAC, DPAC, CPAC ak CCECs).

**Don't** pa mande manm estaf DOE oswa yon Asistan administratè CCEC pou distribye materyèl kanpay pou ou.

**Don't** Pa pataje resous kanpay avèk lòt kandida, tankou òganize aktivite ansanm, pwodui materyèl kanpay ansanm oswa bay lajan oswa sèvis bay lòt kandida.

# Learn.Run.Vote

## 2023 Education Council Elections

**Don't** pa depanse plis pase \$500 dola nan kanpay ou.

**Don't** pa mande oswa aksepte kontribisyon kanpay oswa don nan men moun oswa òganizasyon tankou sèvis bank telefòn oswa piblisite.

**Don't** pa mande oswa aksepte andòsman nan men pati politik yo ak ofisyèl pati yo, oswa nan men ofisyèl eli yo, tankou manm Kominote aktyèl la oswa manm Konsèy Edikasyon Vil la.